

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Budaya téh hiji hal anu raket pisan patalina jeung manusa. Kabudayaan mangrupa hasil kréativitas manusa. Manusa moal bisa leupas tina kabudayaan. Masyarakat Indonesia kawéntar ku budayana sabab di Indonesia miboga suku bangsa nu loba. Ku sabab kitu di Indonesia loba kabudayaan dipimilik ku masing-masing suku bangsana.

Budaya ogé bisa jadi ciri hiji bangsa nu ngabédakeun hiji bangsa jeung bangsa séjénna. Bangsa Indonesia moal sarua jeung bangsa Amérika sabab masing-masing nagara miboga kabudayaan séwang-séwangan.

Koentjaraningrat (1990:2) nétélakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal*, di antarana: 1) sistem kpercayaan atawa réligi, 2) sistem jeung organisasi masarakat, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, 7) sistem tehnologi jeung pakakas. Sakabeh unsur kabudayaan éta téh mangrupa hasil tina pola pikir sarta paripolah masarakat. Hiji kabiasaan anu dihasilkeun tina pamikiran manusa anu terus lumangsung dina hiji masarakat antukna bakal jadi hiji tradisi, anu tangtu dijerona miboga unsur-unsur kabudayaan.

Upacara adat nya éta hiji tradisi anu dilakukeun sacara turun-tumurun anu aya di hiji daérah. Kusabab éta hiji daérah miboga upacara adatna sewang-sewangan anu jadi ciri khas unggal daérah conto siga upacara adat nikahan, upacara adat tingkeban, upacara adat ngumbah pusaka jeung sajabana.

Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu mangrupa salahiji komunitas independen nu teu aya patalina jeung salasihiji ageman, organisasi, kapercayaan, atanapi ka partai politik jeung organisasi masarakat. Warga komunitas ieu yakin kana ajaran nu diajarkeun ku pamingpinna, Takmat Diningrat, nu disebut ajaran ‘Sajarah Alam Ngaji Rasa’. Inti dina ajaran ieu nya éta nyiar bebeneran ngaliwatan proses ngahiji jeung alam, ngamulyakeun alam, ngabdi kakeluarga, boga prilaku jujur jeung sabar. Istilah “Suku Dayak” nu ku

maranéhna dipake salaku identitas kelompok lain ‘suku’ atanapi etnik (suku bangsa), nya éta hiji istilah dina basa Indramayu nu hartina milih/ngayak.

Tradisi nu terus dijaga ku masarakat adat Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu diantarana nya eta upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé nu diayakeun unggal malem Jum’at Kliwon dina unggal bulan. Laku Kungkum nya éta ritual nu dilakukeun ku cara ngeueum di walungan sawates beuheung ti mimiti tengah peuting nepi ka isuk-isuk, diteruskeun ku ritual Laku Pépé, nya éta moé awak nepi ka tengah poé.

Pikeun nyangkem ma'na dina éta upacara tangtuna waé urang kudu nilik jeung ngulik tanda-tanda anu aya dina éta tradisi. Élmun nu maluruh ngeunaan tanda nya éta semiotik. Numutkeun Pierce (dina Sobur, 2013:41), nétélakeun yén simbol kaasup kana salasihiji tanda (*sign*). Sobur (2013:156), nétélakeun yén simbol atawa lambang nya éta mangrupa tanda, lukisan, kekecapan, lencana, anu nétélakeun hiji hal, atawa ngandung unsur nu tangtu.

Loba anjén-ajén anu bisa diconto tina masarakat adat nua aya di tatar sunda, contona ti masarakat adat Dayak Indramayu, tapi alatan robahna jaman kana jaman *globalisasi* mangaruhan kana masarakat adat. Masarakat adat nu aya ditatar sunda geus teu dipikawanoh deui hususna ku generasi ngora. Ku kituna perlu ayana tarékah pikeun ngawanohkeun deui masarakat adat sangkan generasi ngora mikawanoh deui yén ayana masarakat adat nu kudu dimumulé ngaliwatan pangajaran di sakola.

Panalungtikan anu ngaguar budaya hiji daérah geus réa anu nalungtik ku mahasiswa anu miboga minat kana budaya. Di handap ieu ditataan judul-judul skripsi ngeunaan budaya:

- 1) *Sistem Kapercayaan Kampung Adat Cipta Gelar Kabupaten Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di Kelas XII Sma*, ku Noor Ilmi Amalia taun 2015;
- 2) *Ulikan Sémiotik Dina Upacara Adat Ngeuyeuk Seureuh Di Desa Leok Kaler Kecamatan Paseh Kabupaten Sumedang*, ku Cece Suherlan taun 2014;

- 3) *Simbol Jeung Ma'na Nu Nyampak Dina Tradisi Nikah Di Desa Cigugur Girang Kacamatan Parompong Kabupaten Bandung*, ku Yulia Astuti taun 2008
- 4) *Ajén Éstétika Dina Seni Raja Dogar Di Kacamatan Cibatu Kabupaten Garut Pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII*, ku Marlina Efendi taun 2013.

Salian ti mangrupa tarékah nginventarisasi budaya, ieu panalungtikan ogé bisa pikeun kapéntingan séjén saperti arsip budaya jeung matéri pikeun bahan pangajaran di sakola. Hasil panalungtikan bisa dijieun bahan pangajaran bahasan budaya nu aya dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), nya éta ngeunaan ngaidéntifikasi bahasan budaya pikeun SMA/SMK/MA kelas XI Kompetensi Inti *11.3 Memahami, menerapkan, menganalisa pengetahuan factual, konseptual, procedural berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan procedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.* Kompetensi Dasar *11.3.5 Mengidentifikasi dan menganalisis bahasan budaya Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya* (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013, kc.56). Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Upacara Adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di kelas XI SMA (Ulikan Sémiotik)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu?
- 2) Kumaha prak-prakan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu ?

- 3) Unsur-unsur sémiotik naon waé anu nyampak dina upacara Adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan upacara Adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumussn masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan kamekaran budaya, pikeun bahan panalungtika saterusna, sarta bisa dimangpaatkeun piekun salasahiji sumber informasi alternatif pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti éta, panalungtikan ogé dipiharep bisa ngadéskripsikeun:

- 1) Sajarah ayana upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu;
- 2) Prak-prakan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu;
- 3) Unsur-unsur sémiotik anu nyampak dina upacara upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu;
- 4) Larapna hasil panalungtikan upacara adat Laku Kungkum jeung Laku Pépé Suku Dayak Hindu Budha Bumi Segandu Indramayu pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di kelas XI SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan tèh dipiharep bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda hususna upacara adat Laku

Kungkum jeung Laku P  p   sarta maluruh aj  n simbolis nyampak di jerona, sarta bisa jadi sumber informasi dina pangajaran formal atawa non formal.

1.4.2 Mangpaat pikeun Kawijakan

Dayak Indramayu mangrupa salah sahiji suku adat nu nepi ka kiwari masih aya, malah bisa jadi warisan budaya nu kudu dipertahankeun. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kahayang katut kereteg masarakat pikeun mikanyaho deui asp  k ngeunaan Dayak Indramayu. Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep pamar  ntah bisa nyieun hiji kawijakan nu antukna bisa mertahankeun Dayak Indramayu.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber informasi sarta jadi pangdeudeul pikeun Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, sarta pikeun saha wa   anu ngabutuhkeun sangkan ngalegaan informasi sarta pangaweruhna ngeunaan budaya.

1.4.4 Mangpaat pikeun Masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa m  r   gambaran ngeunaan kaayaan Suku Dayak Indramayu sacara ringkes, sarta jadi motivasi pikeun saha wae anu hayang leuwih apal kana kabeungharan budaya anu aya di Jawa Barat.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan mangrupa gambaran umum sistematika nyusun skripsi anu m  r   gambaran eusi dina unggal bab sarta hubungan antara hiji bab jeung bab saterusna, saperti anu dipedar di handap ieu:

Bab I bubuka eusina medar ngeunaan gambaran umum eusi skripsi, strukturna ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori eusina ngaj  ntr  keun tiori-tiori wnu luyu dipak   pikeun panalungtikan, rujukan s  j  n anu aya pakaitna jeung panalungtikan sarta panalungtikan sam  m  hna.

Bab III metode panalungtikan eusina medar ngeunaan prosedur panalungtikan, lokasi panalungtikan, desain panalungtikan, instrumen panalungtikan, tahapan ngumpulkeun data, ngolah sarta analisis data.

Bab IV hasil jeung pedaran panalungtikan eusina ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung saran eusina ngeunaan hasil analisi panalungtikan sarta saran pikeun nu nyieun kawijakan atawa nu ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.